ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№31 (23.845) ● 2019 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м Къыззэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымкІэ и комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ

Мэрем кІуэм КІуэкІуэ К. В. Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къызэрымыкіуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжыныкІэ и комиссэм и зэІущІэ. Абы хэтащ КъБР-м къегъэщІылІа федеральнэ инспектор Ткачёв А. Е.

УРЫСЕЙМ и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм, Іуэхур зэгъэщІылІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэм, муниципальнэ щыналъэ щхьэхуэхэм я Іэтащхьэхэм къапсэлъхэм едэІуа нэужь, КІуэкІуэ Казбек къигъэлъэгъуащ Іуэху гузэвегъуэхэр къэмыхъун папщІэ япэ зигъэщащэу зыхуэфащэ лажьыгъэхэр зэрегъэкІуэкІыпхъэр. Гулыэтэ хэха зыхуэщІын хуейхэм ящыщу абы къыхигъэщхьэхукІащ ГъатхэпсыкІи гулъытэгъуэ зыхуэгъэхьэзырыныр.

ЗэІущІэм зэзэрыщагъэльэгъуамкІэ, 2019 гъэм гъатхэ псы къиугъуэм зыхуэгъэхьэзырыным, гидротехникэ ухуэныгъэхэр зыхуэей хуэгъэзэным сом мелуан 75-м щІигъу хухахащ. МЧС-м и щыналъэ Іуэхущ Іапі эм къызэрилъытэмкІэ, муниципальнэ щыналъэ зыбжанэм хиубыдэ жылагъэуэ псыр зыщІэуэнкІэ хъунухэр 63-рэ мэхъу. Абы къыхэкІыу иджыпсту егупъуу псы Іуфэхэр ягъэбыдэ, псы лъэгуэхэр ягъэкъабзэ, псыдзэ къызэхынкІэ хъуну щыгуэхэмрэ джабэхэмрэ я щытыкІэм кІэльэоплъ, лъэмыж лъабжьэхэр къагъэкъабзэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ щыналъэ Іуэхущ Іапі эхэм я техникэмрэ адрей Іэмэпсымэхэмрэ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр щІапщытыкІ.

Иджыблагъэ республикэм и район щхьэхуэхэр къыщыззхикІухьым КІуэкІуэ К. В. Урожайнэ къуажэм, Александровскэ, Котляревскэ станицэхэм щыпсэуэхэм къыжраІащ Тэрч, Шэрдэж псыхэм я Іуфэхэм я щытыкІэм зэрытегъэзэвыхьыр. Апхуэдэ зэкІэльымыкІуагъэхэр Шэджэм псыкъелъэхэм я Іэшэлъашэхэми щыболъагъу, Налшык псым и Іуфэхэр зэрагъэбыдаэу щыта уху гъэгъэхэми зэкъуТыкІауэ щыпІэ куэд яІэщ.

КІуэкІуэ К. В. зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ псыхэм я щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъыплъэм, мы Іуэхум полицэм и органхэр, адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэр, волонтёрхэм я зэгухьэныгъэхэр къыхэшэн зэрыхуейм. КъызэрапытамкІэ, дэнэ щыпІи щыгъэувын хуейщ шынагъуэ къыщыхъуам деж хъыбар зэгъэщІапхъэхэм я телефонхэр зытет хъыбарегъащІэ пхъэбгъуэхэр икІи абы и лъэныкъуэкІэ щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм я зэфІэкІри гулъытэншэу къэгъэнэн хуейкъым.

«Іуэху гузэвегъуэхэм и зэманым япэщІэувэнымкІэ, ди щыхуэм я гъащІэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ дэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуап хэха къыбГъэдохуэ. Ар дэ зыщыдГъэгъупщэ хъунукъым. Дунейм и щытыкІэм псынщІэу зэрызихуэжьым къыхэкІыу псэунигъэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэм, экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ хэщІыныгъэхэр ягъуэтыныкмкІэ шынагъуэ къатохьэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей ильэсхэм республикэм апхуэдэ шынагъуэу куэд къызэринэкІащ - щІыпІэ щхьэхуэхэм ятІэпсхэр, эсукъхъуэхэр къыщежхащ, борэнышхуэхэр щыІащ, цІыху куэд щызэблэкІ щІыпІэхэм мафІэсхэр къыщыхъуащ», - къиГъэльэгъуащ щыналъэм Іуэхущ Іапі эм къызэрилъытэмкІэ, муниципальнэ щыналъэ зыбжанэм хиубыдэ жылагъуэ псыр зыщІэуэнкІэ хъунухэр 63-рэ мэхъу. Абы къыхэкІыу иджыпсту егупъуу псы Іуфэхэр ягъэбыдэ, псы лъэгуэхэр ягъэкъабзэ, псыдзэ къызэхынкІэ хъуну щыгуэхэмрэ джабэхэмрэ я щытыкІэм кІэльэоплъ, лъэмыж лъабжьэхэр къагъэкъабзэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ щыналъэ Іуэхущ Іапі эхэм я техникэмрэ адрей Іэмэпсымэхэмрэ лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр щІапщытыкІ.

Иджыблагъэ республикэм и район щхьэхуэхэр къыщыззхикІухьым КІуэкІуэ К. В. Урожайнэ къуажэм, Александровскэ, Котляревскэ станицэхэм щыпсэуэхэм къыжраІащ Тэрч, Шэрдэж псыхэм я Іуфэхэм я щытыкІэм зэрытегъэзэвыхьыр. Апхуэдэ зэкІэльымыкІуагъэхэр Шэджэм псыкъелъэхэм я Іэшэлъашэхэми щыболъагъу, Налшык псым и Іуфэхэр зэрагъэбыдаэу щыта уху гъэгъэхэми зэкъуТыкІауэ щыпІэ куэд яІэщ.

КІуэкІуэ К. В. зэІущІэм хэтахэм гу лъаригъэтащ псыхэм я щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъыплъэм, мы Іуэхум полицэм и органхэр, адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэр, волонтёрхэм я зэгухьэныгъэхэр къыхэшэн зэрыхуейм. КъызэрапытамкІэ, дэнэ щыпІи щыгъэувын хуейщ шынагъуэ къыщыхъуам деж хъыбар зэгъэщІапхъэхэм я телефонхэр зытет хъыбарегъащІэ пхъэбгъуэхэр икІи абы и лъэныкъуэкІэ щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэм я зэфІэкІри гулъытэншэу къэгъэнэн хуейкъым.

«Іуэху гузэвегъуэхэм и зэманым япэщІэувэнымкІэ, ди щыхуэм я гъащІэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ дэ тщыщ дэтхэнэ зыми жэуап хэха къыбГъэдохуэ. Ар дэ зыщыдГъэгъупщэ хъунукъым. Дунейм и щытыкІэм псынщІэу зэрызихуэжьым къыхэкІыу псэунигъэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэм, экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ хэщІыныгъэхэр ягъуэтыныкмкІэ шынагъуэ къатохьэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей ильэсхэм республикэм апхуэдэ шынагъуэу куэд къызэринэкІащ - щІыпІэ щхьэхуэхэм ятІэпсхэр, эсукъхъуэхэр къыщежхащ, борэнышхуэхэр щыІащ, цІыху куэд щызэблэкІ щІыпІэхэм мафІэсхэр къыщыхъуащ», - къиГъэльэгъуащ щыналъэм и Унафэщ Іым.

Комиссэм и зэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, шынагъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ мэкъумэш щІапІэхэм удз ежьыжьэр зэрыщагъэлыр, мэз лъапэхэм мафІэхэр зэрыщащым къыхэкІыу губгъуэхэмрэ мэзхэмрэ мафІэс инхэр къыщыхъункІэ зэрыхунур. 2019 гъэм гъатхэпэм и 11-м ирихьэлІэу удзым, куэншыб идзыпІэхэм къыщылыда мафІэу 213-рэ ягъэункІыфІащ. Апхуэдэ Іуэхуэхэр нэхъыбэу къыщыхъущ Налшык, Прохладнэ къалэхэм, Аруан, Май районхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм къигъэуващ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ комиссэхэм я зэІущІэхэр дыззыт мазэм къриубыдэу республикэм и муниципальнэ щыналъэ псоми щрагъэкІуэкІыну.

Зэ Іущ Іэм и кІэуэм къащтащ шынагъуэ нэхъ къыщыхъункІэ хъуну щыпІэу, Іуэхущ Іапі эу щы Іэхэм я спискэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Нартан дащІыхь Щэнхабзэ унэм федеральнэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 21-рэ хухах

Абы теухуа унафэм Іэ щІидзащ Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий.

ЦІЫХУ 400 щІэхуэну Нартан къуажэм «Щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьныр» къэрал программэм ипкъ иткІэ хухаха ахъшэр мы гъэмрэ къыкІэльыкІуэ илъэсымрэ къагъэсэбэпынущ икІи а зыгъэпсэхупІэ Іуэхущ Іапі эр 2020 гъэм къриубыдэу къызэІуахынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

2021 гъэм и кІэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэрым сабий сад 29-рэ щащІынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2021 гъэм и кІэм нэсыху сабий сад 29-рэ щащІынущ икІи зи школ кІуэгъуэ мы-хъуа цІыкІуухэм ящыщу мини 2 абыхэм екІуэлІэнущ.

УХУЭНЫГЪЭХЭР ирагъэкІуэкІынущ «Демографие» лъэпкъ проектым хиубыдэу. Мы Іуэхум трагъэкІуэдэн папщІэ республикэ бюджетым къыІэрыхьэнущ сом мелларди 2 хуэдиз.

Дыззрыт илъэсым хьэзыр ящІынущ нэхъыщІэ дыдэхэм ящыщу 860-м ятещІыхьа уху эныгъэ зэмылІэужьныгъуэу 19.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр иухащ, ауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу абы фыкъыкІэрыхуамэ, ар вгъэзэкІуэжыфынущ. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкІуэ мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 25 пщІондэ абы пощтхэм Іэ щыщІэндзмэ.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 306-рэ кІэпІейкІэ 39-рэщ.

Ди индексыр 51531

КІуэкІуэ Казбек Кърым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ я унафэщІхэм, абыхэм щыпсэу цІыхухэм юбилеймкІэ йохъуэхъу

«Илъэситху япэкІэ, 2014 гъэм гъатхэпэм и 18-м, тхыдэм и пэжыгъэр зэтеувэжащ - Кърым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ Урысей Федерацэм официальнэу къыхихьэжащ.

А щІыналъэм исхэм, Урысейм и цІыху псоми махуэшхуэмкІэ - Кърымыр Урысейм къыщыхьэжа махуэмкІэ сохъуэхъу.

Мамырыгъэ, гуапагъэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну си гуапэщ!» - къыщыгъэльэгъуащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек и телеграммэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзгуэм шынагъуэншагъэ къыщыззгъэпэщцыным 2024 гъэм нэсыху сом мелардипщІ хуэдиз трагъэкІуэдэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и автомобиль гъэзгуэр зэгъэпэщыжыным, абыхэм шынагъуэншэу щызекІуэныр къызэгъэпэщыным хухахынущ сом мелард 10 хуэдиз. Лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІынущ «Шынагъуэншэ икІи фІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъэзгуэр» лъэпкъ проектым хиубыдэу.

РЕСПУБЛИКЭМ щызэхалъхьэри къащтащ «Гъэзгуэр», «Гъэзгу хозяйствэм зегъэужьныр» щІыналъэ проектхэр. КъБР-м Ухуэныгъэмрэ, гъэзгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэриратамкІэ, илъэсихым къриубыдэу автомобиль гъэзгуу километр 83,6-рэ щІэуэ ящІынущ е ирагъэфІэкІуэнущ, автомобиль гъэзгуэм ящІыщу километр 408,6-рэ зэрагъэпэщцыжынущ, щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ гъэзгуэхэм я Іыхьэу жылагъуэхэм хиубыдэхэм ящІыщу километри 181,4-м уэздыгъэхэр щыфІадзэнущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Іыхьэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым бюджет кредит етыным теухуа Зэгурыуэныгъэм и гуэдзэн зэгурыуэныгъэ къэщтэным и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Іыхьэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым бюджет кредит етыным теухуа Зэгурыуэныгъэм и гуэдзэн зэгурыуэныгъэ къэщтэным и Іуэхуэкі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэзэхьын Іэ щІидзэн икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм мазаем и 28-м
№1023-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Іыхьэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым бюджет кредит етыным теухуа Зэгурыуэныгъэм и гуэдзэн зэгурыуэныгъэ къэщтэным и Іуэхуэкі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2019 гъэм мазаем и 28-м

1 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Іыхьэм трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым бюджет кредит етыным теухуауэ 2017 гъэм дыгъэгъаэзм и 6-м Іэ зыщІадза Зэгурыуэныгъэ №01-01-06/06-304-м и гуэдзэн зэгурыуэныгъэу №2-м щІэту 2018 гъэм дыгъэгъаэзм и 29-м Іэ зыщІадзар къэщтэн.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№7-РЗ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2018 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым и Іуэхуэкі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Зумакулов Б. М. 2018 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладым хэпІуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

ЦІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2018 гъэм екІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ищІа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№1044-П-П

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2018 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ищІа отчетым и Іуэхуэкі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм 2018 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм ищІа отчетыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№1045-П-П

Зэкіуий Анзор



Бищіо Тимур

● Хъыбар гуапэ

Бищіомрэ Зэкіуеймрэ Дунейпсо кубокыр къахь

Щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ Якутск къалэм щекІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ Дунейпсо кубокыр къхъыныкмкІэ зэхьэзэхуэ ин. Хэгъэрейэм къищынэмыщІауэ, США-м, Тыркум, Ираным, Япониемрэ, Кубэмрэ, Монголиемрэ, Курджым я командэ лъэщхэр къызрихьэлІа зэпеуэм Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам текІуэныгъэр къыхуэзыхьахэм яхэтащ адыгэ щІалэхэу Зэкіуий Анзоррэ Бищіо Тимуррэ.

ЦІЫХУ миниц зыщІэхуэ Якутск и «Триумф» спорткомплексым гъатхэпэм и 16-мрэ 17-мрэ Іэпэдэ Іупі эм иІэтэкъым. Абы щыІэзагъэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ Дунейпсо кубокыр 2019 гъэм зыІэрыхьэну гуп къыхэхар. Урысей Федерацэм и щІыхьыр зыхъумэнуэм хагъэхьат Зэкіуий Анзоррэ (килограмм 70-м нэс зи хьэльагъэм я зэпеуэм хэтащ) Бищіо Тимуррэ (килограмм 74-м нэс). Адыгэ щалэхэр я зэІущІэ псоми щытекІащ икІи илъэси 8 дэкІаУэ Дунейпсо кубокыр ди къэралым Іэрагъэхьэжащ.

Зыхэта «А» гупым ди командэм япэщІыкІэ 9:1-уэ Кубэм къикІахэр щыхигъэщІащ. КъыкІэлъыкІуэу 8:2-уэ Японием ефІэкІащ. Ещанэм Тыркум щхьэкъэІэтыгъуэ къудей иритакъым - 10:0. Арати, япэ увыпІэр иубыдри, финалым кІуащ.

КІэух зэІущІэм ди бэнакІуэхэм хьэрэгъэгъу къащыхуэхъуащ «Б» гупым щынэхъ лъэщэ Ираным и командэ къыхэхар. Арщхьэкіэ абыи Урысей Федерацэм къыпигъэувыфа щыІэкъым. Дыдейкэр 9:1-уэ текІуащ икІи ебланэу Дунейпсо кубокыр ди къэралым къыхуахьащ. Абы илэкІэ апхуэдэ екъулІэныгъэхэр Урысей Федерацэм щиІащ Мэзкіу (1992, 2010 гъэмэ), Стиллуотер (США, 1998 гъэм), Красноярск (2007 гъэм), Владикавказ (2008 гъэм), Мэхьэчкъалэ (2011 гъэм) къалэхэм щекІуэкІа зэпеуэхэм.

Ещанэ увыпІэр лъысащ Японием и командэ къыхэхар 6:4-уэ хэзыгъэщІа Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я бэнакІуэхэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 19, *гъубж*

♦Іуэзхутхьэбзэ зыхуащІэм и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и псыщІагъыркІуэ кхъухьэм къулыкъу щызыщІэхэм я махуэщ. 1906 гъэм император Николай ЕтІуанэм унафэ къыдигъэкІащ Балтие тенджызым и псыщІагъыркІуэ къарухэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦Финляндиэм щагъэльэпІэ щІыхьэр я хуитыныгъэкІэ зэхуэгъэдэным и махуэр

♦1474 гъэм ІэмэпсымэщІэхэр къэзыгупсысахэм, къэхутэныгъэщІэхэр наІуэ къэзыщІахэм яхуэгъэзэа хабзэщІэ Венециием къыщащтащ - авторым и хуитыныгъэхэр хъулъэным хуэунэтІауэ дунейм щыяпэ законыр.

♦1898 гъэм Къэрал Урыс музейм щІыхуэхэм зыщагълпъхьыну япэу хуит ящІауэ щытащ. А зэманым абы щызэхуэхьэсат сурэт минихым нэс. Иджыпсту а музейр дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм хабжэ икІи сурэт мин 400 хуэдиз иІэщ.

♦1899 гъэм Урысейми Петербургги щыяпэу я къалэм къыщыщІэуахащ «ДэІепыкъуэгъу псынщІэ» станц.

♦1922 гъэм Москва и Шаболовкэ щыпІэм лэжьэн щыщІидзащ радионэтынхэр «зэбгрызыхь», къэралым щынэхъ лъагэ дыдэ Шуховскэ чэщанэм. Абы метри 160-рэ и лъагагът.

♦1953 гъэм телевидениэкІэ япэ дыдэу къагъэльэгъуащ США-м и киносаугъэт нэхъыщхьэ дыдэр - «Оскар»-р зыхуагъэфэщахэм зэрыратыр.

♦1958 гъэм Страсбург (Франджы) къалэм Европарламентым и япэ зэІущІэр къыщыщІэуахащ.

♦1999 гъэм Осетие Ищхъэрэм и къалащхьэ Владикавказ и Бэзэр нэхъыщхьэм теракт щалэжьащ. Абы цІыху 52-рэ зэкІуэдат, цІыху 300-м нэблагъэм щыгъуэ зэхуэмыдэхэр хахат.

♦2008 гъэм МГУ-м лэжьэн щыщІидзащ ди къэралымрэ Белоруссиемрэ я щІэныгъэлІэхэмрэ Іэщ Іагъэлі Іэхэмрэ зэпхъэраІухьа, Урысейм щынэхъ лъэщ дыдэ компьютерым - «СКИФ МГУ» зыфІащам. Ар дунейм щынэхъыфІэхэми хабжэу къекІуэкІащ илъэс зыбжанэкІэ.

♦Совет къхъухьлатэзэхуэ Іэзэ, Совет Союзым и Лыхъужь цІэр щэнейрэ япэу зыфІаща, авиацэм и маршал **Покрышкин Александр** къызэраІухуэрэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м щыІэхэ зиІэ и артист **Къашыргъэ Билал** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Къэфакіуэ, КъБР-м щыІэхэ зиІэ и артисткэ **Дзыхьмыщ Зарэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыІакІуэ, актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Леонтьев Валерий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артисткэ, «Русская песня» ансамблым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Бабкинэ Надеждэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр цІэрыІуэ, а къралым и саугъэт куэдым я лауреат **Уиллис Брюс** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, экономист, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, 1991 - 1992 гъэхэм УФ-м и Премьер-министру щыта **Гайдар Егор** къызэраІухуэрэ илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист цІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхэжаныкІа, олимп чемпион **Малышко Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градус 1 - 2 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 20, *бэрэжьей*

♦Насыпым и дунейпсо махуэщ

♦Астрологием и дунейпсо махуэщ

♦Франкофонием (франджыбзэм щрипсалъэ щыналъэхэм я зэгухьэныгъэм) и махуэщ. Абы хохьэ къэрал 56-рэ.

♦Социальнэ лэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Лы мышыныем и дунейпсо махуэщ

♦Башкирием автономие щиГъэта махуэщ

♦1535 гъэм Урысейм япэ дыдэу ахъшэ реформэ щрагъэкІуэкІащ.

♦1930 гъэм Москва авиационнэ институт (МАИ) къыщызэІуахащ.

♦1933 гъэм ВКП(б)-м и ЦК-м «Москва метрополитен щыуэхуэным теухуауэ» унафэр къыщтащ.

♦1944 гъэм Дохъушыкъуей спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щІидзэжащ.

♦1992 гъэм «Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь» цІэрыІуэ «Дыщэ Вагъуэ» медалымрэ яГъэуващ.

♦1992 гъэм гъатхэпэм и 20 - 21-хэм Киев щызэхэтащ СНГ-м хьэхэ къэралхэм я унафэщІхэм я япэ зэІущІэр.

♦«ЛІыхь» орденым и нагъыщІэр зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы** къызэраІухуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Урысей пианист, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **РихтерСвятослав** къызэраІухуэрэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Совет футболист, гуащхьэтет, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, 1988 гъэм екІуэкІа Олимп Джэгуэхэм я чемпион **Прудников Алексей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъШР-м гуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Абдокъуэ Юрэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телеинэтынхэр езыгъэкІуэкІ **Стриженовэ Екатеринэ** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градус 1 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи жьэ зэІумыщІэм я гухэлъ зэрыщІэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ 2016 гъэм мазаем и 1-м къащта унафэ №10-ПП/2-1р-м зэхъуэжкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзымрэ къащта унафэ №33-ПП/31-8р

2019 гъэм гъатхэпэм и 11-м ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзымрэ **унафэ ящІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэмрэ 2016 гъэм мазаем и 1-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабийхэм загъэпсэхунымрэ, я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэныр, лэжьэныр къыщыззгъэпэщыным и Іуэхукіэ» къащта унафэ №10-ПП/2-1р-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэжкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 6-м и еплІанэ абзацыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«узыншагъэр егъэфІэкІуэныжмкІэ ильэс пconsл лажьэ санаторэ лагерхэм, сабийхэм я узыншагъэр щызэпрагъэувэжу къалэ щІыбхэм щыІэ стационар лагерхэм, сабийхэр махуэм зэкІуалІэ икІи аэрэ махуэм тІэу, щэ щагъашхэ лагерхэм махуэ къэс дэтхэнэми тещІыхьауэ хуаутІыпщ шхыныгъуэхэм я уасэр.»;

б) пункт 7-м къару имыІэжу къэлъытэн;

в) пункт 7-1-м дэщІыгъуэжьи, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«7-1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр къызэгъэпэщыныпэ абыхэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыныкІэ реестрыр» къыдэзыгъэпэщ мыкІо зэратх хабзэр къыщІэтэну, Урысей Федерацэм и гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я методикэ чэнджэщэр къэлъытаэу я реестрым ит бжыгъэхэр игъэтэмэныну.»;

г) пункт 17-м абзац дэщІыгъуэжьи, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм къищта хабзэм тету сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я узыншагъэр зэтегъэувэжынымкІэ, лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыныкІэ Правительствэм и комиссэм, ищъэхІэ къыщыгъэлъэгъуэ унафэмкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэжкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Правительствэм и комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Аникушинэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ министрым и къуэдзэр

Бездудная О.И. - Май муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ политикэмкІэ и къуэдзэр *(зэгурыІуаущ)*

Зарудкий А. С. - физкультурэм, спортым, туризмэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и тхьэмадэр *(зэгурыІуаущ)*

Къэзан З. Н. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ Іуэхуэмкіэ и ягъэ къуэдзэр *(зэгурыІуаущ)*

Шынтыкъу И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхуэхэр егъэджэныжмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэр;

б) Лутіэ М. А. и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыІуаущ)*»;

в) Миссэм къыхэгъэкІыжьи Геккиев С.З., Карныш С.А., Хъуэпхъэ А.Ж., Полиенкэ О.И., Тохъутэмыщ М.З. сымэ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабийхэм зегъэгъэпсэхунымрэ абыхэм я узыншагъэр зэтегъэувэжыныкІэ къызэрыщІыгъэгъэпэщ Хабзэм, ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуэ унафэмкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэжкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 7-м и «б» пункт къэуэдзэм хэт «махуи 7 нэхъ мынэхъ мащІэ» псалъэхэр «махуэ 5 нэхъ мынэхъ мащІэ», «махуэ 14 нэхъ мынэхъ мащІэ» псалъэхэр «махуэ 21-рэ нэхъ мынэхъ мащІэ» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) пункт 29-м и еплІанэ абзацыр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«Зи ныбжьыр илъэс 17-м фІэмыкІа щюпкІуэжэр узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ Іапэ зэмылІэужьыгъуэхэм кІуэн папщІэ путевкэу, ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ сабийхэр санаторэхэм кІуэн папщІэ «Анэмрэ сабийм» путевкэу, апхуэдэу ильэси 4-м щегъэжьауэ школ кІуэгъуэ ныбжьым нэсыху зыгъэпсэхуакІуэ кІуэн папщІэ путевкэу езыр-езыру къащхуахэм текІуэда ахъшэр хуапшыныж адэ-анэхэм е законым игкъ иткІэ апхуэдэ къалэн и Іуэхущ дэзыльхьэжахэм».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі

МУСУКОВ Алий.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщІ

АМЦОКЪУЭ ФатІимэт.

Лъэпкъ жыгыр зэфІэбгъэувэжьыным нэхъ гугъу дыдэу хэлъыр абы и щІэдзапІэр къэгъэутынырщ. Къардэнхэ къатщтэмэ, ар Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм ущрихьэлІэнущ Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэми хамэ къэрал зыбжанэми.

КЪАРДЭНХЭР Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІалэ, жылагъуэ 59-м дэсщ. УнэцІэр зезыхьэхэм ящыщ языныкъуэхэм жалэу зэхыбох ахэр псори благъэгъэкІэ зэбгъэдэмыхьэу, арщхьэкІэ ар пэжкъыикІи сэбэп хъунт абыхэм архив дэфтэрхэм, лъэпкъыр къызэрыкІар къэзэгъэлъэгъуэ тхылъымпІэхэм зыщагъэгъуэзамэ.

Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Къардэнхэ икъуэкІэ цІэрыІуэ хъуа куэд къазэрыскІари.

Абыхэм ящыщщ Къардэн Хьэсэн Екъуб и къуэр - ягъэ адыгэ композиторыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гимныр зэхэзылъхьар. Апхуэдэщ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа модельер Къардэн Пьер, Совет Армэм и полковник, Лениным и орденымрэ Бэракъ Плъыжь орденхэрэ зыхуагъэфэща, Хэку зауэ орденым и ягъэ нагъыщэр, Вагъуэ Плъыжь орденитІрэ медалхэмрэ зрата Шемякин (Къардэн) Михаил, абы и къуэ, сурэтыщІ, Къэрал саугъэт куэд зыхуагъэфэща Къардэн Михаил, генерал-майор Къардэн Кубатий, Совет Союзым и Плыхъыжьхэу Къардэн Мурат, Къардэн Къэбард, Урысейм и Плыхъыжь Къардэн Уэхьид сымэ, Абхъазым и Плыхъыжь Къардэн Генэ, 1950 гъэхэм республикэм щэнхабзэмкІэ и министру щыта Къардэн Башир, Къэрэшей-Шэрджэсым и Правительствэм и УнафэщІу щытахэу Къардэнхэ Аскэррэ Аликрэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Къардэн ХьэмІуцэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу Къардэн Льэстэнбийрэ Къардэн Іэбузедрэ, республикэм узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министру щыта Къардэн Ахьмэд, Олимп чемпион, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къардэн Мурат, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд, дунейпсо чемпионхэу Къардэн Анзор, Къардэн Антемыр, Европэм и чемпионкэ Къардэн Рагнеттэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и тренерхэу Къардэн Анзор, Къардэн Хьэсэн, нэгъуэщІ куэдри.

• Дэ къытхуатх

Тхыдэм и лъагъуэхэмкІэ

Щолэхъупщым и лІыкІуэ Къардэн

УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и архив нэхъыщхьэм (Москва) «Адыгэхэм 1559 - 1748 гъэхэм ирагъэкІуэкІа Іуэхухэр» и гъэтІылъыгъэхэм хэлъщ пщы Къардэныкъуэ Василий теухуа дэфтэрхэр. Абы и ІуэхущІафэхэм теухуахэр кІыщыбгъэтынщ Къудащ Елбэздыкьуэ 1913 гъэм къыдигъэкІа «Исторические сведения о кабардинском народе» тхылъ ми.

Къэбэрдеипщ, дипломат Къардэныкъуэ Василий теухуауэ абыхэм кІыщыхьар мыращ:

«Къэбэрдьагъуэмэ, Годунов Борис тетыгъуэр къыщылъысам, адыгэ лъэпкъымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкІэм зэрызэихъуэжа щыІэтэкъым.

Къэралым щекІуэкІ зэщІэхъееныгъэр (смутное время) Къэбэрдеймии щызыхащІэрт. Урыс цІыхубэм пщыуэ хуащІырт. АтІэ Москва пэІащІэ щІыналъэхэм щыпсэухэм, псалъэм папщІэ, адыгэхэм, нэгъуэщІ я Іэмалт?

Ялэу зызыгъэІуа Лжедмитрий и деж, и пщы-гъуэмкІэ ехъуэхъуну, адыгэхэм ягъэкІуауэ щытащ Сэнджелейрэ Ботайрэ. Абы къигъэлъагъуэрт адыгэхэр Урысейм игъащІэкІи бгъэдэтыну тхъэ зэраІуам зэрыхуэпэжкІыр. Москварэ Къэбэрдеймрэ я зэхущытыкІэхэр гугъуми, къэбэрдеипщэр щыхьэрым еблагъэрт, къулыкъу щащІэрт.

1589 гъэм Москва щыІащ Къардэныкъуэ Василиир» Къамбулятыкъуэ Борисрэ.

1609 гъэм къэбэрдеипщ нэхъыщхьэ Щолэхъум Шуйский Василий деж игъэкІуащ и лІыкІуэ пщы Къардэныр.

Москва здэкІуэм, Тулэ и Іэгъуэблагъэм нэсауэ, Къардэным къэзакъэхэр къытеуэри къедгъэІущ, уеблэмэ Щолэхъум пщым хуигъэхь тыгъэкэр Быгърахащ. Къардэныр Тушинэ яшащ. Абы икІри, Калугэ нагъэсащ.

Лжедмитрий яукІа нэужь, Къардэныр щыхьащ Ляпунов Прокопий деж, арщхьэкІэ и Іуэхуэр зыри къимыкІыу, ар Казань яхуащ. Абы 1614 гъэ пщІондэ Къардэныр щыІащ.

Мыгувэу Щолэхъумрэ нэгъуэщІ къэзэрдеипщхэмрэ тетыгъуэщІэр зылъыса урысыпщым тхъэрыІуэ хуащІа нэужь, Къардэным Москва игъэдзэжри, пщы Михаил Федорович къыІуІэну щІэлъэІуащ. Апхуэдэу 1614 гъэм пщым ар Дыщэ палатэм иригъэблагъэри, тыгъэшхэхэр и Іэрыльу Къэбэрдеймрэ къигъэкІуэжауэ щытащ.

1616 гъэм Къардэн Василий иригъэкІуэкІа къэрал Іуэхутхъэбзэхэм я фІыгъэкІэ Къэбэрдеймрэ икІыуэр Москва мызэ-мытІэу кІуащ пщыхэу Къанболэт Къундет, Енкъылыш Сэнджэлей, Щоджэныкъуэ-мырзэ Бузулук. Сэнджэлей и гъусэт уэркъ 18, Къундетрэ Щоджэныкъуэмрэ - пщы-рыпщІ. Ахэр кІуэцІыкІащ Казань къалэмкІэ. Къэбэрдеипщхэр зытекІыхьа Іуэхуэр къыззэгурагъэІуэр мыпхуэдэут: «Я адэшхуэхэр, я адэжэр, я къуэшхэмрэ адэ къуэушхэмрэ урысеипщхэм сыт щыгъуи къулыкъу хуащІащ, иджы зи чэзур езыхэрщ».

ТетыгъуэщІэр къэуэнэха нэужь, Къэбэрдеймрэ Москвэрэ нэхъ щІэх-щІэхьыурэ зылъихьэ щыхъужар 1613 гъэм щегъэжьауэ къыщІэкІынущ».

Яхъума дэфтэрхэм ятепщІыхьмэ, а зэман хьэлъэм къэралым и щыхьэрымрэ Къэбэрдеймрэ я зэпыщІэныгъэр зэрызэтраухуэжам дипломат Къардэн Василий и фІыщІэ куэд хэлъщ.

Дзэзешэ Къардэныкъуэ

«КЪАРДЭНЫКЪУЭ» жиІэмэ, зэрыгурыІуэгъэщи, «Къардэн и къуэ» къикІыу аращ. ИщхьэкІэ зи Іуэгу щытщІа архив гъэтІылъыгъэхэм («Адыгэхэм 1559 - 1748 гъэхэм ирагъэкІуэкІа Іуэхухэр») къыхощ Черкасский Василий (Къардэныкъуэ Къазий-мырзэ) къэбэрдеипщхэм зэращыщыр. Ауэ щІэныгъэлІ Къэзакъ Аслъэн къыззэрихутамкІэ, Къазий-мырзэ абазэпщхэм къахэкІащ.

Ар Одоевэ 1589 гъэм щызэхэта пэщІдзэ полкым и яп дзэзешэт, 1591 гъэм Тулэ щыІащ, 1592 - 1599 гъэхэми къулыкъу ищІащ. 1599 гъэм къыщыщІдзауэ Къардэныкъуэр лІакъуэлІэшхэм ящыщщ, 1603 - 1605 гъэхэм, Астраханэгъэ Смоленскрэ дзэзешэу щыІэщ.

Ар щыгъуэсэ ищІат Мстиславский Фёдор ипхъу Ольгэ. Бын зэдапІауэ архивхэм хэлъхьам, хуэбгъэфащэмэ, сабий яІауэ къыщІэкІынукъым.

НэгъуэщІ Къардэныкъуэ Хьэжы-Уэсмэн (Ефэнды Уэсмэнкіи еджэрт, къыщалъхуа гъэр хъума хъуакъым, дунейм ехьжащ 1796 гъэм нэхърэ мынэхъ пасэу) и гугъу щещІ дэфтэрым. Ар капитант, Джылахъстэнейм щыпсэуащ. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыкІэ, 1796 гъэм урысейм къулыкъу щиІащ. И унагъуэм теухуауэ зыми дыщыгъуазэкъым.

УнэцІэ куэдым я щІэдзапІэр къыщыбгъэутынкІэ хъунущ къэрал зэхуэмыдэхэм я архивхэм - Къэбэрдейр Урысей къэралыгъуэм пыщІа щыхъуам къыщыщІэдзауэ (нэгъуэщІу жыпІэмэ, XVI лІэщІыгъуэм и етІуанэ Іыхьэм, апэ тхьбзэхэр къэунэхун щыщІадзам щегъэжьауэ) ухэпльэмэ. Си фІэщ мэхъу апхуэдэу Іуэхум дыбгъэдыхьэмэ, къэбэрдеипщхэм унагъуэцІэ куэдми ятеухуауэ нэхъ гъэщІегъуэныжхэр къызэрыгъэхуэнхэр.

Къапщтэмэ, Урысейм къулыкъу щызыщІа адыгэхэм я хъыбархэр зыфІэхъэлэмэтэхэм икъуэкІэ ягу дыхьэну къызолІытэ щІэныгъэлІ Къэзакъ Аслъэн 2006 гъэм къыдигъэкІа «Адыги (черкесы) на русской военной службе. Воеводы и офицеры середины 16 - начала 20 вв.» и лэжьыгъэр.

КЪАРДЭН Хьэдис, *тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.*

• Фысакъ

Узыншагъэм и закъуэкъым

Щыламахуэ мазэхэр ихуащ. Нэхъапэхэми хуэдэу, иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэ куэдым ущрихьэлІэнущ тафэхэм игъуэха удэхэр ягъэсу. Ар щІыуэпсым и щытыкІэми цІыхухэм я узыншагъэми зэран зэрыхуэхъум и мызакъуэу, электрокъару яІэрымыкъэжу жылагъуэхэр къэзыгъэнэнкІэ хъуну Іуэхущ.

УДЗ ГЪУАХЭМ щІадза мафІэхэм щІэх дыдэу заубгъу, жьышхуэ къыщепщэкІэ, зы сыхьэтым къриубыдэу, километр 25 - 30-м нэблагъэ си бгъуагъ щІыналъэм зыщагъкъуэдийуэ. А щхьэусыгъуэм хуабжьу гугъу ещІ аэр гъэункІыфыныр.

«Волытышхуэ къызэрыкІуэ кІапсэхэр зыфІэдза пкъохэмрэ подстанцхэмрэ я Іэгъуэблагъэм щызэщІагъэста мафІэр абыхэм я дежкІэ зэранигъэщхуэ къэзышэщ. Абы щыгъуэми хьэлэч хъуа электроІэмэпсымэхэр щІэх зэфІагъэувэжьфынукъым. Аращи, къуажэ псохэр токыншэу къэнэныр зыхуэІуа щыІэкъым», - жиІащ Кавказ Ищхъэрэ МРСК-м и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм и инженер нэхъыщхьэм и къуэдзэ Мэлыхьэ Хьэмид.

МафІэр нэхьыбэу зыхуэпэр къуажэ нэхъ щыкІуэр электрокъарукІэ кІыззэыгъэпэщ кІапсэхэрщ. Ахэр пхуэзгъэпэщыжынукъым, абы къыхэкІыуи хьэлэч хъуахэр къанэ щымыІэу зэрахъуэкІын хуей мэхъу. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, абы зэман куэд токІуадэ.

УФ-м и КОАП-м зэрыщыубзыхуамкІэ, мы Іуэхум хухамыха щІыпІэхэм деж удэхэр, итырыгъуэхэр, игъукІа жыг щыкІуэр, кІэрыкубжьэрыхуэр щызэщІзыгъэстхэм йотхьэкъу - щІыхуэм сом мини 3-кІэ, Іуэхущ Іапі эхэм сом мин 200-м нэблагъэкІэ.

МафІэсхэр къэхъунымкІэ шынагъуэ щыщІыІэ лъэхъэнэм электрокъарур ззэыгъэзахуэ-зэрыкІуэ Іэмэпсымэхэр Іисраф мыхъун папщІэ, ЛЭП-хэм я гъунэгъуу мафІэ щыпщІ, электроклапсэхэр зыфІэщІа пкъохэм я Іэгъуэблагъэм псынщІэу къэлыдэ пкъыгъуэхэр щызэхуэпхьэс, электрокъарур ззэыгъэзахуэ-зэрыкІуэ Іэмэпсымэхэм я гъунэгъуу удзыжьхэр щыбгъэс хъунукъым.

Ток зэрыкІуэ кІапсэхэр зыфІэщІа пкъохэм я гъунэгъуу мафІэ щызэщІагъэстауэ, абы щынагъуэ къишэнкІэ хъуну флъагъуэмэ, икІэщІыпІэкІэ «Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ПАО-м и «линие плъыжьым» 8-800-775-91-12 телефонымкІэ фыпсалъэ (пщІэнэшэщ). Абы и операторхэр жэщми махуэми мэлажьэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

• Хъыбар гуапэ

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм топсэлъыхь

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызыхуэтынщэу зыкъзэгъэпэщыным, дапщэщи хуэдэу, гулъытэшхэу щрат ди республикэм. КъБР-м Цыхухэр егъэджэныжмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ щызэхэта зэІуущІэм и утыку кьрахьа Іуэхугъуэхэм ящыщщ ар.

ЗЭХУЭСЫМ зэрыщыжаІамкІэ, Налшык и Іэшэлъашэм щыІэ «Кизиловка» сабий лагерь цІэрыІуэм мы гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым ирихьэлІэу къыщызэІуахынущ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм папщІэ зыгъэпсэхупІэ хэха. Ар хеубыдэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и «Дэтхэнэ сабийми и ехьулІэныгъэ» щІыналъэ унэтІыныгъэм. Абы ипкъ иткІэ лагерыр щІэрыщІэу къызэрагъэпэщыжынущ, проектыр и пльажьэу. Абы хуахакащ федеральнэ мыпхуэ къызэкІуэ сом мелуани 194,36-рэ. Къинэмыщ Іуэ, сом мелуан 213,567-рэ хухахащ Сабий зэчиифІэхэр къэгъэнэІуауэ абыхэм ядэлэжьэныжмкІэ центр щхьэхуэ къызэрыгъэпэщыным. Абы епха Іуэхугъуэхэр нэхъыбэу щекІуэкІынур «ДыгъафІэ хуаІэ» творчествэмкІэ сабий академиерщ.

Егъэджэныгъэм и лейуэ сабий зэчиифІэхэм ядэлажьэ Іэнатіэхэм 2019 гъэм кІэрыбыдэу иджыри екІуэлІэфынэ Іэмал иІэнущ ныбжьыщІэ мини 5-м щигъуэм. А унэтІыныгъэмкІэ республикэр зыхуэныкъуэхэм я процент 90 мэхъу ар, ди гуапэ зэрыхъущи. КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм а Іуэхугъуэм адэкІи зрагъэужьынущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

• ЩІалэгъуалэ Іуэхухэр

Налшык къалэм и транспорт прокурор Жэмыхьуэ Руслан хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, а ІуэхущапІэм егъэкъуаншэ Прохладнэ къалэм щыпсэур УФ-м и Уголовнэ кодексым и 260-нэ статьям и яп Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ зэрилъэкъамкІэ (хабзэншагъэкІэ жыг куэд къыупщІыкІын).

КІей жыгитху, кІарциплІ

ХАБЗЭХЪУМЭХЭМ зэрыжаІамкІэ, К. цІыхухъэм гъущІ гъуэгум и «Прохладнэ - Приближнэ» къуэмыІэпІэм и гъунэгъуу хабзэншагъэкІэ къыщІрупщІыкІащ кІей жыгитхурэ кІарц хужь лъэпкъым щыщ жыгиплІрэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ а цІыхухъум къэралым хэщІыныгъэу иритащ сом мин 16-рэ 631-рэ и уасэ.

Іуэхур зэрызэхагъэкІым кІэлъоплъ Налшык и транспорт прокуратурэр.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

НэхъыфІхэр ягъэбелджылы

Бахьсэн районым и администрацэм иджыблагъэ щекІуэкІащ щІыпІэ администрацэхэм щалэгъуалэм ядэлэжьэныжмкІэ спортымкІэ я къудамэхэм зэфІах лэжьыгъэхэм щыпхъэ зэІуущІэ. Абыхэр хъыбар дигъэщІащ щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ Чылар Аринэ. Зэхуэсым хэтащ районым хиубыдэ жылэ псомэ я лІыкІуэхэр.

КъАІЭТА Іуэхум теухуауэ зэІущІэм доклад щищІащ щІыпІэ администрацэм щалэгъуалэм ядэлэжьэныжмкІэ и къудамэм и пашэ Гъут Резуан. Абы къыззэрыхигъэщамкІэ, щалэгъуалэм щІыпІэм щадолажьэ унэтІыныгъэ зыбжанэкІэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, зи щалэгъуэхэр волонтёр зэщІэхъеенныгъэм хэшэным, Іэщ Іагъэ къыхахыныжмкІэ, чэнджэщэр ётыным, спортым, творчествэм дегъэхьэхым, гъуэщІхэми епха лэжьыгъэхэр.

- Жьыдэрщ ди щІыналъэм и щалэгъуалэр. Нэгъабэ и закъуэ къапщтэмэ, ди къудамэм иригъэкІуэкІа зэІуущІи 101-м хэтащ зи щалэгъуэхэм ящыщу цІыху 2342-рэ, - «къухэгъэщащ Гъутым. - Апхуэдэ екъулІэныгъэхэр зыІырыдгъэхьэфынутэкъым, щІыпІэ къудамэхэр зэуІуу, зэгурыІуэу дыздэдмылажьамэ.

ЗэІущІэм я щІэр къыщрыІуащ щалэгъуэм ядэлэжьэ Іэщ Іагъэлі зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ Дыщэкі Эльвирэ (ХьэтІохъущщкъуей къуажэ), Балъкъэр Іэдэм (Кыщпэк къуажэ), Токъмакъ Тембот (Кулъкъужьи Ищхъэрэ къуажэ). Абыхэм ирагъэщ район администрацэм къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр, саугъэт лъапІэхэр хуагъэфэщащ.

ТАМБИЙ Линэ.

Гъатхасэм хуэхьэзырщ

• Гъавэ-2019

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министерствэм къызэригъэпэщащ гъатхэ вэн-сэныжмкІэ штаб щхьэхуэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр мэкъумэшыщІэхэм чэнджэщэр Іуэхугъуэ щхьэхуэхэмкІэ ядэІэпыкъуныщ.

Къатщтэмэ, 2019 гъэм ди республикэм и мэкъумэш Іэнатіэ псоми зэхэту гъатхасэр гектар мин 236,5-м щрагъэкІуэкІынущ. Абы щыщу процент 66-р хьэцэпэцэмрэ джэшэкІымрэ хухахынущ. Нартыху къудейуэ хасэнур гектар мини 150-м нос.

«Абы папщІэ хозяйствэхэм гъавэ жьыпапхъэу яІэн хуейщ тонн мини 10-м нэблагъэ», - жиІэ министерствэм и Іэщ Іагъэлі хэм. Зыри щІэгъуэзэн щымыІэу мэкъумэшыщІэхэм ар къайлыжу яІэщ - тонн10300-рэ. Хадзэкіэхэми хухахащ гектар мин 24-рэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЩІыналъэпсо олимпиадэр йокІуэкІ

• Зэпеуэхэр

Хабзэ хъуауэ, мы гъэм еблэнэу КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщащ Кавказ Ищхъэрэм хьихь щІыналъэхэм я школакІуэ нэхъыжьхэр зыхэт олимпиадэ зэІуха. АбыкІэ хъыбар дигъэщІащ университетым и пресс-Іэнатіэм. Курыт школым щадж предмет зыбжанэ къызэщІзэыубыдэ зэпеуэр гъатхэпэм и 16, 17 махуэхэм екІуэкІащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингуш Республикэмрэ я курыт школхэм щеджэ ныбжьыщІэ мини 3-м щІигъу.

- КъБКъУ-мрэ КъБР-м Цыхухэр егъэджэныжмкІэ, щІэныгъэмрэ щалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэмрэ зэгъусэу къызэрагъэпэщ олимпиадэ зэІухар зы илъэсым нэхърэ къыкІэлъыкІуэм нэхъ щІэрыІуэ хъуурэ, щыхьэ нэхъыбэ къыхьэхъуурэ йокІуэкІ. Гъэ къэси зэпеуэм унэтІныгъэщІэхэр къыхохьэ. Мы гъэм ныбжьыщІэхэр ягъэ зэпеуэщ инджыпізыбзэмкіи, - жеІэ зи щІэ къытІуа министерствэм и пашэм и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз. - Школакіуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ мы зэпеуэм, сыту жыІэмэ абы щытекІуэхэм къахьыфынущ еджапІэ нэхъыщхьэм щыщІэтІысхьэкІэ хъахуэщхьэпэжкьи, къалъытэн балл бжыгъэхэр. Апхуэдэуи дэтхэнэ ныбжьыщІэми Іэмал иІэщ и щІэныгъэр здынэсыр къыхутэфыну.

Гъатхэпэм и 16-м, олимпиадэм и яп махуэм, школакІуэхэр зэпеуэщ предметэ 8-кІэ. Апхуэдэхэт математикэр, урысыбзэр, физикэр, тхыдэр, химиер, географиер, информатикэр, литературэр. Ныбжьыщ Іэнхьыбэ здекІуэлІахэм ящыщщ тхыдэ, химие, урысыбзэ предметхэмкІэ зэпеуэхэр. КъыкІэлъыкІуэ мазэм школакІуэхэр хэтащ биологиемкІэ, обществознаниемкІэ, инджылызыбзэмкІэ, къинэмыщІауэ, аргуэру урысыбзэмрэ математикэмкІэ къызэрагъэпэща зэпеуэхэм. А махуэм бжьыпэ зыбыІгар биологие предметыращ. Абы ещхьыбэ дыдэ екІуэлІащ.

Зэпеуэхэр къызэхуэтынщу екІуэкІыныжмкІэ сэбэпышхуэ хъуащ университетым и волонтёрхэр. Абыхэм ныбжьыщІэхэр нунэтІащ зэпеуэ щхьэхуэхэр щекІуэкІыну аудиторэхэмкІэ, упщІэ зиІэхэм жэуап ираташ.

Олимпиадэ зэІухам къриІуэхэм ныбжьыщІэ мини 5-м щІигъуэ. Абы къыгъэпьэгъуахэр къралъхьэныщ, КъБКъУ-м и сайтым. ТекІуахэмрэ къыжжаныкІахэмрэ балл тхурытху хущІагъунущ, а унэтІныгъэмкІэ университетым щыщІэтІысхьэкІэ. Зэпеуэм зэрыхэтамрэ абы къыщахьа баллхэмрэ щыхьэт техьэу сертификатхэри ираты-нущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зыхилъхьэ щыIэкъым

«Физикхэмрэ лирикхэмрэ псэкIэ зэгъунэгъуш», - щIыжаIэр литературэр Iэщ1агъэ етIуани зыхуэхъуэхэр физикхэм куэду къазэрыхэкIыр арагъэнщ. Псом хуэмыдэжу физикхэм я деж куэдрэ уащрохьэлIэ усэ зытхэхэм. 1951 гъэм мэкъуаугъуэми 11-м Нартан къуажэм къыщалъхуа, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м физикэм и теориемкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ Къуныжь Борис, и Iэщ1агъэ нэхъыщхьэм нэмыщI, нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжанэми дахьэ: усэ етх, шахмат хъарзынэу мэджэгу.

УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым полимерхэм я физикэм теухуауэ щIэныгъэ лэжьыгъэу куэд дыдэ зытха икIи трезыгъэдза Къуныжь Борис а псоми и Iэр зэрыхунэс щIыкIэр. Ауэ нэхъ гъэщIэгъуэныж тщыхъуар щIэныгъэлIым и усэ шэрыуэхэрщ, абыхэм къыщигъэсэбэп псалъэ кулщIаф1эхэрщ. Образ щIэныгъуэхэр, гъэщIэгъуэнхэр зэрихуэу щIыкIэрщ. Борис и усэхэм пэж дыдэу къыбжаIэ физикхэмрэ лирикэмрэ зэрызэпэмыжыжьэр.

Къуныжьым КъБКъУ-р кIыухащ. Университет нэужым Мэзкуу аспирантурэм щеджащ, ар 1979 гъэм кIуихри, илъэситI ирымыкъум и кандидат лэжьыгъэр игъэхьэзырри пхигъэкIащ. Доктор лэжьыгъэр гъэхьэзырыным яужь ихьэри, ари куэдыщэ дэмыкIыу зэфIигъэкIащ. 1998 гъэм щIалэ гурыхуэр щIэныгъэхэм я доктор хъуащ. Щеджа университетым илъэс зыкъом хъуауэ щолажьэ, студентхэр ирегъаджэри, езым бгъэдэль щIэныгъэмрэ гурыхуагъэмрэ и гъэсэнхэм зэраритыным хущIэкъу эзэлыпущ.

Борис и усэхэм къыбжаIэ ар лъэпкъым, Адыгэ Хэкум и тхыдэм, и къэкIуэнум егупсыс зэпыту зэрыщытыр. Къуныжьыр ирогушхуэ ПащIэ Бэчмырзэ зэрикъуажэгъум. Зыхилъхьэ щымыIэ жыхуаIэм хуэдэу фIыуэ ещанэ КIуащ БетIал и усэхэр. Апхуэдэуи Къуныжьыр дахьэх Лермонтов Михаил, Есенин Сергей сымэ я тхыгъэхэм.

Физик-усакIуэм, лъэпкъым и тхыдэм техуа усэхэр итхым и мызакъуэу, ди лъэпкъым и къежьэкIам, и къежIуэкIыкIам ехьэлIа къохутэныгъэхэри иIэщ. Къуныжьым усэ зыкъом иIэщ, ауэ ар зэлIалIэр итхыр занщIэу къытрырыгъэдзэныркъым, атIэ щIэщыгъуэ ищIыныр. Абы щыхьэт техъуэу си гугъэщ нобэ фи пащхьэ итлъхьэ усэхэр.

Къуныжь Борис и усэхэр

Гъэмахуэ щцыхьэщхьэ

Вагъуэ къехуэхар, тхьэмпэ
къыпыхуауэ
Нэр тепщIыпщIэу псым
кIыхольдыкI.
ЩIыр, цы топу, хуэму мэкIэрахъуэ,
Зыр зым кIэлынгъакIуэу гъэхэр
къыпебжьыкI.

Дыгъэм и лэжьыгъэр сфIощI
къытехьэлъауэ,
Щхьэдопльхыхыр къуршым ар
еша-еIлауэ.
Зи фэр шэхум хуэдэ мазэр
Уэгум къехуэхащ.
Гуэлым ар хэхуати,
Щыхэм ирафащ.

Сыщалъхуа си къуажэ

Нартан къуажэу къуажэ кIыхь,
Тхыдэ куэдыр зи пшэрыхь,
Щихънагъ Iуащхьэр зи дамыгъэ,
Уэ уи цIыхухэм яIэщ лIыгъэ.
Илъэс куэд уэ къэбгъэщIами,
Махуэ къэскIэ уощIэращIэ.
Нартан Iуащхьэм укъыщежьащ.
ПIэпIынэ щыгуми унсыгъащ.
Яхэбдзыну зы хэмыту,
жэмыхьэтхэу уэхэтщ.
Уи къуажащцэр Агъэзгъейщ.
Уи къуажэкIэр Гъуклэжьейщ.
Хьэуд къуажэ и кум итщ,
Къесын хьэблэ къыбгъурылъщ.
Ауэ псори дригушхуэу,
Уэ къэпIахуауэ унIэщ къуэзнухуэ,
Хэкум ар и пцы уэлнIт,
И унэцIэр Къыльышбнит.
Пэмыжыжьэу Жэмыжыкъуэ
ЩыпсэуащI зы лIы щIэрыIуэ
Ар усакIуэт, бэ щэрыуэт,
Къызэреджэри Бэчмырзэт.

Хьэуд къуажэ къыщалъхуат
Дуней псом къыщацIыхуат,
Уи бэнакIуэ Накlэ Тафэ,
Пелуан щIалэ бжьыфIэр.
Норильск къалэм, гъущI ягъэткIуу,
Цыхуэ мин бжьигъэ щегъэпсэу
Джонсон щIалэу цIыху
нащхьыфIэм,
И къуажэгъуэхэр зыгъэгурIэм.
Къущалъхущ ар Агъэзгъей,
И унэцIэр Хьэгъэжейщ.
Лы гумащIэщ, лъэрызехьэщ.
ЛыхъжьжыщIэри зэрехьэ.
Сынохъуэхъур, си къуажэшхуэ,
Дыгъэр куэдрэ кIыпхуеепсыну.
Жьигъэр куэдрэ пхуэгъэгъэну,
Уи цIыхубэр узынщэну,
Берычэтыр убгъэдэлъу,
Гъэ минищым ухыхьэну.

Къэбэрдей

Си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну
Е си нэгу зезгъэуэжьыну,
Гъуэгуанэшхуэ зэпысчащ,
ЩIыпIэ куэдми сыщIащ.

Ауэ псынщIэу сыпхуозэш,
Зэмызэгъэхэр зыщIу зэш,
Дуней дахэр зи пщэдей,
Жэнэт лъапсэу Къэбэрдей.

Iуащхьэмахуэ уи дамыгъэщ,
УзыщIэкъуэ мамырыгъэщ,
Махуэ къэс урехуэ нэхъ дахэ,
Дыгъэ бзийр щыджэгу си лъахэ.

Уи гъунэгъуэхэр зэрызохьэ,
Уи уи цIыхухэр зохьэзохуэ,
ГъащIэ дахэ яухуэну,
Къэбэрдей, уэ пхуэфэщэну.

Идар

Ди благъэфIхэ, си ныбжьэгъуфIхэ!
Нобэ куэду фызэхуэс.
Мэхъур си къуэр зы илъэс!
Фадэр изу фэ ивгъахъуэ,
Идар цIыкIум фыхуэхъуахъуэ
И лъэр жыру тхуэувыну,
Лъабжьэ быдэ игъуэтыну,
Берычэтыр къельэлъэхыну,
Къуныжь лъэпкъыр игъэбагъуэу,
ИлъэсищэкIэ псэуну.

2006 гъэ

Гъэхэр макIуэ

Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ,
ПсынщIэу, псынщIэу гъэхэр макIуэ.
Жэщи мэхъур, нэхуи мэщ,
Ауэ сыхъурккым сэ Iущ.
Илъэс пIыщIым сыщIигъащ.
Сыгу мащIэ сэ сльэгъуар.
Сыгу мащIэ хуэзлэжьар
Сыщалъхуауэ си къуажэжьым,
ФIыуэ сльагъу адыгэ лъэпкъым.

Мыщхъыдж

I

ФхуэсIуэтэнущ сэ хъыбар.
Мыщхъыджщ ар зытеухуар.
Мыщхъыдж зи цIэр псыежэхщ,
Ар зэзгъэщхьыр сэ псыпхъэхщ.
Илъэс куэд лэжьат мыпIащIэу,
Къуэ дихат абы щIэращIэу,
Къуэ нэпкъитIым къуащэ тетт,
Хьэцыбанэ абы хэтт.
КъущыкIт лъагэу бэрэжьей,
Куэду итт абы пыжьей,
ЯтIагъуэ бгыхэм щаIэу абгъуэ,
Пабжьэ Iувхэм хэсхэт ныбгъуэ.
ДыкIуэрт абы дэ джэгуакIуэ,
Е къэтхьыну щымэракIуэ.
КIэщIу жыпIэм, а къуэ куум
Дэ щыдгъуэтырт насып куу.

II

Щыхьэр къаIэ унафэщIым
Псалъэ Iэщ1экIа мыхъумыщIэм,
ЩIапхъэджагъэ кърикIуащ -
Мыщхъыджыкъуэр текIуэдащ,
ЯщIащ ар куэншыб идзыпIэ,
Къуэм дэз хъуащ ар зы
напIэзыпIэм,
ЩIы абы тратхъуэжащ,
Тафэу губгъуэ ящIыжащ.
Мыщхъыдж хуащIащ нэгъуэщI
жапIэ,
СепIъым, сфIощIыр сэ ар бампIэу,
Къуажэ гупэмкIэ къашащ,
Къуэщ1э дитхъуу хыхьэжащ.

Адыгэ лъэпкъ

Срогушхуэ сызэрыадыгэм
ИкIи сропагэ.
Си гур хохъуэ, сеплъым ди
гуршыжьхъэм,
Iуащхьэмахуэ лъагэм.
Согупсысри ди нартыжьхъэм,
ЗекIуэ зэрыкIуахэм,
Мысыр хэкум щытепщэ
мамлюкхэм,
Сигу доуэ ИстамбылакIуэ
гъыбзэхэм,
Тенджыз ФIыщIэм хэкIуэда
адыгэхэм.
Гъэ мин бжьигъэ мэхъу уи тхыдэр.
Си адыгэ лъэпкъ!
Бэлыхь куэдз ятелъщ уи бынхэм,
Си адыгэ лъэпкъ!
Дуней псом тепхъащ уи
цIыхухэр,
Си адыгэ лъэпкъ!
Тхъэм солъэIу уэ пIуэтэжьну,
Си адыгэ лъэпкъ!
Къэралыгуэ бгъуэтыжьну,
Си адыгэ лъэпкъ!

ІэщIыб сумыщI

Уафэр чащанэщ,
Мэзыр уэзджьнэщ,
ШIэтыбгыр уи щхьэщ,
Къуршхэр къуэхьщ.
Мэзхэр уи набдзэщ,
Псыхэр уи нэпсщ,
ЩотынщIыр си псэр
Адыгэ лъапсэм,
Сыт къысщцымыщIми,
Iэщ1ыб сумыщI.

Нанэ Іумахуэ

Жьыщхьэ махуэ дахэ хъуауэ нэхъыжьыфI унагъуэм исмэ, гущIэр утыкум итмэ, ресурн зэгурыIуэрэ зэдзIэуэжу псэумэ, унагъуэ насыпкIэ зэрджэжьыр мис арауэ къызолъытэ сэ.

МЫ ТХЫГЪЭР теухуащ нанэ Іумахуэ Тхьэкlумащlэ Лусэ и унагъуэ насып дахэм. Дэтхэнэ зы адэ-анэми и хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр, дауи, и быным цIыху нэс къыхэкIынырщ, езыри жьыщхьэ махуэ дахэ хъунырщ. Лусэ къехуэлIащ и хъуэпсапIэр. Быныр, быным и быныжьри, абыхэм я щIэблэри къепщIэкIауэ, абыхэм къабгъэдэкI гуапагъэмрэ хуабагъымрэ зыхрагъащIэу ягъэпсэну нанэр. Дауи, Лусэ нобэ зэрытиншым хуэдэу къэгъуэгурыкIуакъым, уеблэмэ, гугъуехьышхуи гукъеуэшхуи зыгъэвахэм ящыщщ ар. Гугъуехьым игъэлIа щыIэкъым жаIэ, ауэ зэ абы арэзы сытехуащ эркъым. Гугъуехьым уимыгъалIэ щхьэкIэ, гува-щIэхами, ар къыпщIохьэж.

Лусэ Куба къуажэм къыщалъхуащ, абы и адэ-анэ Афlэунэхэ ХьэтIутIрэ Назифэрэ бынитху эздагъэтэти, Лусэ быным я нэхъыжьыт, абы ипкъ итклэ, гугъуехь нэхъыби и пщэ къыдэхуат.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным илъэс зыбжанэ иIэу къалъхуащ Лусэ, ауэ ар дунейм къыщытехьа гъэм и тэмэмыпIэр зыми ищIэркъым, ялэм ахэр ятхыу зэрыщымытам къыхэкIыу - иужькIэ, щхьэж и теплъэм елъытауэ, хуэгъэфэщащэу ятхъыжауэ аращ.

Лусэ и адэ-анэми ядэIэпыкъун хуейт, и анэкъилъху нэхъыщIэхэми якIэлъыплъыт. КIэщIу жьпIэмэ, сабиигъуэ иIакъым абы, тIэкIу къызэрыжэпхъыу, хьэмфIанэр кищтэри, губгъуэм ихьащ. ХьэмфlанэкIэ пщIэуэ, Іэкlэ нартыхур къыдичу, матэкIэ хихьыжу - мис апхуэдэурэ лэжьащ. Балигъ хъури, унагъуэ ихьащ.

Адыгэ хабзэр щытепщэ ТхьэкIумащIэхэ я унагъуэ дахэм хьыхат Лусэ, арщхьэкIэ, и насыпым щыгуфIыкIын щыщIидзэм, ялэу игъуэта сабийр ныкъуэдыкъуэу дунейм къытехьащ. Анэм и дежкIэ абы нэхърэ нэхъ гукъеуэ сыт щыIэ? Сабийм Іуплъэху и гур хэщIурэ, илъэс тIощIым щIигъукIэ Іэкlэ зэрихьащ и щIалэ цIыкIур. Аурэ, зэманыр кIуатэурэ, сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къыхуэхъу и гуащэ зэхэмыщкIэми и гъэкIуитIыр къыщIэмыувэж щыхъум, ари илъэс 13-кIэ зэрихьащ.

ІэрызехьитIри, унагъуэри, хадэри, дждкъазри, иужькIэ игъэта быниплIри зыхуей хуигъаззу, и щхьэгъусэ Хьэзыри сыт хуэдэ лэжьыгъэри дигъэпсынщIэрэ къэгъуэгурыкIуащ Лусэ.

Пэжщ, Лусэ игъэлIакъым гугъуехьым, ауэ а псори абы къыщIыхьэжащ, и Іэпкъ-лъэпкъкIи игъэвыжащ.

Зы илъэс тIощI хуэдизкIэ уэзIэбэкIыжмэ, уэзышхуэ кIеуадIэри, Лусэ и лъэр щIихат, и щIалъэныкъуэри къыдэмыбзыжу, пIэм къыхэнат. Дохутырхэри зы махуи щыгугъатэкъым ар къэтэджыжыну. АрщхьэкIэ, я анэм и узыр щхьэщхыным бынхэр ерыщу яужь ихьэри, жэщ-махуэ я мэыIу зэбгъуэтыжу, куэдрэ пIэм хэмылъуи, къызэфIагъэувэжащ. Лусэ гъащIэр къыхуэупсэжат езым хуэдэ нысэ гумащIэкIэ. Абы и нысэ Лидэ дохутырти, жэщ-махуэ имыIэу, и къарум емыблэжу, дзэпыкъуэгъу псынщIэу бгъэдэтащ. КIэщIу жьпIэмэ, бынхэр ерыщу щIэбэнащ я анэм и узынщагъэм, Іэмалу щыIэ псори къаргъэсэбэнурэ, Лусэ къагъэтэджыжащ.

Лусэрэ и щхьэгъусэ Хьэзыррэ я щIалитIми хьыджэбзитIми щIэныгъэ гуэр зэзымыгъэгъэнутауэ зыри яхэткъым. ЩIалэхэр куэджэмэ дэсщ, нэхъыжь Лиуан зы хъыджэбз иIэщ, нэхъыщIэ Полэ уней хьэрычэтыщIащ, щыым толажьэ, абы щIалитI иIэщ, абыхэми адэм и гъусэу щыр зэрахьэ. Хьыджэбзхэри унагъуэщ, Къэрэгъэш дэсхэщ.

- Ди анэр тхуэзыгъаф1эу, тхуэзыгъэтыншу ди щIыбагъым дэт ди адэлъхумрэ ди нысэмрэ дахуэарэзыщ. Дэ дыхуейт ди анэмкIэ ди гур абыхэм зэрагъэзагъэм хуэдэу, езыхэми гъащIэ дахэ къагъэщIэну, бын гуфIэгъуэ куэд ялагъуну, - жаIэ Лусэ ипхъухэу ХьэIишэтрэ Ритэрэ.

Нобэкlэ Лусэ лъэрытетщ, быным ядиIуэтэжащ, жьыщхьэ махуэ дахэ хъуащ.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.

Ерокъуэм и гъащIэ гъуэгуанэр

● Щапхъэ

Зи адэ-анэр зимыIэжыр куэдым хуэныкъуэу къотэдж. Къотэдж къэзылъхуахэр зыщхьэщытым ехъуапсэу, ущие, чэнджэщ, гъэсэныгъэ хуэныкъуэу. Зеиншэ гъащIэр хьэлъэщ, ауэ ибэр бэшэчщ жаIакъэ.

ІЭМАЛ щимыIэжми, анэм и закъуэ къыхуэна сабийр нэхъ зыхуэй хуэзэнущ. Анэр бынтелажьэщи, и быныр, зэрыжаIэщи, псым иримыгъэхъу, мафIэм иримыгъэсу зэрилIыныр, къаруэ иIэр ирехьэлIэ. Епl, езым зыхуей зыхуигъэныкъуэу, быным тегужьеикIауэ.

Мы тхыгъэр зыгъэхьэзыра сэри сащыщщ зи адэр Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм. Ауэ тхыгъэр зытеухуар си ныбжьэгъу, си къуажэгъу Ерокъуэ Юрэщ, абы и нэгу щIэкIамрэ ишэчамрэщ.

Зэман жыжьэ гуэрым Къэбэрдейм къэкIуащ, жи, Ерокъуэкlэ ерджэу зы щIалэ. Щылэжьэну, щыпсэуну. Ди хэкум къинащ, унагъуи щыхъужащ. А щIалэм и цIэр абы и быныхэм зиIэтэ яхуэзыжаурэ къалIытэ.

Псынабэ къуажэр нобэ здэщысым деж жылэр щыIэпхъуэм, зэманым къиГъэув жылагъуэ-политикэ зэгухьэныгъэхэр къыззрагъэпэщащ. Апхуэдэу, 1930 гъэм Псынабэ щагъэтIылъащ комсомолым и лъабжьэри. Комсомолым и пашэу хахащ а зэманым къуажэ щIалэгъуалэм я нэхъ цIэрыIуэ, къызэгъэпэщакIуэ жыджэр Ерокъуэ Шухьиф и къуэ Хьэмзэт.

1931 гъэм Псынабэ къуажэдэс мэкъумэшыщIэхэр зэгухьащ зэгъусэу лэжьэну. Колхозым фIащащ «Октябрым и илъэс 13-р». Къуажэдэсхэр зэгурыIуэу зэдэлажьэрт, зэманыщIэм къихьа зэхъуэкIыныгъэхэмкIи, я хэхъуэмкIи арэзыхэт.

Хьэмзэт Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм щыпсэу Хьэкъун Цу итхъу КIуатIэ дэгушыIэрт. Зэгухьэныгъэр 1939 гъэм зэрыщащ. Арати, Ерокъуэхэ я унагъэщIэр езыхэм хуэдэхэм зыкъыкIэрамыгъэхуу, колхозым жыджэру хэлэжьыхьу хуежьащ. Зэман дэкIри, 1941 гъэм гъатхэпэм и 19-м, Ерокъуэхэ я унагъуэм щIалэ цIыкIу къикъуащ икIи абы Юрэ фIащащ. Ауэ унагъэщIэр насыпыфIэу куэдрэ зэдзэпсэуну къахуиухатэкъым...

Мамыру псэу, лажьэрэ шхэж цIыхуефIакIуэхэм я дэрэжэгъуэр къикъуташ радиом къита хъыбар гуIэгъуэм - 1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 22-м Германиер ди къэралым къытеуащ. А хъыбар гуауэр, къэралым и зэхуэдэ гуэзвэгъуэр псэкIэ зыхащIащ псынабэдэсхэми. А махуэм, къуажэм дэкIри, зауэм кIуащ цIыхуих, иужьыIуэкIэ Псынабэ щыщ цIыхуи 126-рэ ираджащ. Ахэр щхьэмыгъаззу щызэгъуэгъ, е я дэлъху, я къуэ, я къуэш зэрыхэкIуэдар иту, Пощтэхьэр ялъэгъуамэ, къещхьэкIуэнкIэ шынэурэ гужьейрт къуажэдэсхэр. Апхуэдэ хъыбар гущIыхьэ къыхуахьащ КIуатIи. Абы и фIэщ хуэщIыртэкъым и щхьэгъусэ Хьэмзэт зауэм хэкIуэдауэ, уеблэмэ, абы егупсысурэ уз хихауэ щытащ. Юрэ зеиншэ дыдэу къэнэнкIэ шынагъуэт.

Хъыбар гуауэр КIуатIэ и дыщми зэхахащ. Ерокъуэхи Хьэкъунхи щытыкIэ гугъу щихуэм, КIуатIэ и анэ Гуащэмащlэ (Хьэлышхэ япхъущ, Къуандетей щыщщ) унафэ ищIащ и пхъурэ и пхъурылъхумрэ къишэжыну. Апхуэдэуи ящIащ, ауэ Юрэ и анэр зыубыда узым къелакъым - мыгувэу дунейм ехыжащ.

Гуащэмащlэрэ Хьэмэдэрэ Іэкlэнышхуэ я пщэ къыдэуат - илъэситI фIэкIа мыхъу сабийр зыхуей хуагъэззну. Зэманыр сыт хуэдэу мыгугъуами, Хьэкъунхэ яхуэзфIэкIащ ар. ЯщIыкIэ, Юрэ Хьэкъун унэцIэр зэрихьащ, иужьым, къуажэ школым щIэтIысхьэн хуей щыхъум, Хьэмэдэ и чэнджэщкIэ, Юрэ и адэм и унэцIэр иратыжащ.

Юрэ цIыкIуцу и адэ-анэр фIэкIуэдати, дауи, ищIыкужыртэкъым, и нэгум къыхущIэгъэхьэжыртэкъым. НыбжьыщIэм пасэу щIидзащ нэхъыжьхэм ядэIэпыкъун. Шэрэджьипсым и адрыщ мэзым пхъэгъэсын, чы-бжэгъу и дамащхьэм тельу зыкъыгурыкIуэ, жэм закъуэм и шхыныр губгъуэм къиршырт, хьэсэ Іуахьыжьым щыщIапэрт. Хьэлу Іыхьэм и уасэр ищIэу къажэпхъащ Юрэ.

Мыхъуапсэу псэу щIыIэкIым жаIэ. Юрэ куэдым ехъуэпсами, щыIэныгъэрэ бэшэчагъэрэ хэлъу и сабиигъуэ мытыншыр ирихьэкIащ. Ар еджэну хуейт, ауэ щытыкIэ гугъум щихуэм, еджэнщ къиГанэри, колхозым хыхьащ, хэхъуэ гуэр иIэн папщIэ, трактористхэм ядэIэпыкъуэу. ЩIалэр дэлэжьащ а лъэхъэнэм трактурист пашэу щыта Хьэбжокъуэ Мухьэрбий, Бищlо Алий, Чып Хьэжумар, Шыгуушх Хьэнахьэу, Хужьокъуэ Мелэ, Щокъум Абдрэжид, ШэкIыхьэщIэ Мухьэдин (Мушей) сымэ. Юрэ зэрыжиIэжымкIэ, а нэхъыжьыфIхэм куэдым хуауцIящ, хуагъэIуащащ, лэжьыгъэм хагъэгъуэзащ.

Юрэ зыдэлэжьаХэм трактурист Іэщ1агъэм драгъэхьэхати, Дохъушыкъуэй къуажэм дэт СПТУ №14-м щIэтIысхьэну быдэу мурад ещI икIи ар къэхъулIэ. Аущ гу зыщIмыхуа еджапIэм къыщIащIри, дзэм къупыкъу щищIэну Юрэ ираджащ.

Армэм къикIыжа нэужь ар щIэтIысхьэжащ икIи ехъулIэныгъэфIхэр къигъэлъагъуэу щеджащ къызыщIаша училищем. Нэхъ иужьыIуэкIэ трактурист, шофёр Іэщ1агъэр ягигъэгъуэтыжри, лэжьыгъэм игурэ и псэрэ хуэзIуахуэу игъэзэжащ къуажэ колхозым.

Юрэ сабиигъуэ хьэлъэ иIами, гъащIэм къригъэкIуэтакъым, ипсыхьа мыхъумэ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ и пщэ щIэсу саугъэткIэ куэдрэ ягъэлъэпIащ.

Ар пенсэ ныбжьым щыIэнэсым зигъэпсэхуну тIысыжат. Бынхэм, абыхэм я быныжхэм гъащIэм къахуэщхьэпэн чэнджэщхэр яриту, хуэзфIэкIыр хадэмрэ пщIантIэмрэ щищIэу щысащ. Ауэ апхуэдэу куэдрэ щагъэсакъым - зи Іэщ1агъэм фIыуэ хэзыщыкI адыгэлIыр къуажэ унафэщIыр кьеджэри дишыжащ. А зэманым къуажэдэсхэр зэрыпщафIэу яIар баллонхэм ит газти, Юрэ и пщэ къыдалъхьащ къуажэдэсхэр абыхэмкIэ къызэригъэпэщыну икIи сытым дежи къыхуейм къигъэту ляжьащ ар.

Апхуэдэу екIуэкIыкъуэ, Юрэ гу къыльатащ Нартканэр дэт «Аруангаз» Іуэхущ1апIэм и унафэщIхэм. Хьэкухэр, абы епха пкъыгъуэхэр зыхуей хуигъаззу Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэдэсхэм ядэлэжьэну ирагъэблагъащ ар, фIыщIэ къыхуащIуи а Іэнатlэм илъэситхукIэ щылэжьащ.

Юрэ и щхьэгъусэ Рае Іэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр хьэлэлу щызэрихьащ къуажэ колхозым, и ныбжьыр нэсу тIысыжьыху.

Фызыр щIагъэмэ, унагъуэм къеIуатэ, жаIэ. Ар щынэрылъагъущ Юрэ и унагъуэм деж. Куэбжэпэм къыщыщIэдзауэ ситкIи зыхуей хуэзащ я псэупIэр. Унагъуэм хабзэ, нэмыс ильащ, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэхуаум дэлъын хуей пщIэр яIыгъащ.

Мы зэманым Юрэрэ Раерэ къабгъэдэсщ япхъу нэхъыщIэ Сусаннэ, я къуэ Валерэ, абы и къуэ Рустам. Унагъуэр мэпсэу, зэрыжаIэщи, зым Іэпыхър адрейм къищтэжу, зэгурыIуэрэ-зэдэIуэжу, зыхуейр ягъэуту.

Юрэ Іэатхэпэм и 19-р ельащIатхуа махуэщи,ефIакIуэу, узынщэу куэдрэ псэуну ди гуапэщ.

ДЖЭДГЪЭФ Мухьэрбий,
лэжьыгъэм и ветеран.
Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэ

● Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэ

«Тыркур адыгэкъым, адыгэпсэмрэ тыркупсэмрэ зэщхькъыым, тырку хабзэр адыгэм хабзэ хуэхъунукъым! Хамэм фыхуемыплъэкIыу, фи хабзэ феплъыж!»

Сурэтыр **ЖЫЛЭ Анатолэ** *ищIащ.*

Щ1ынальэр зэрыгушхуэ Чэтбий Мадинэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэ, зи щ1эныгъэмэ зэфIэкIымрэ республикэм и зыужьыныгъэм хуэзыгъэпс щ1алэгъуэм ди мащ1экъым. Апхуэдэщ иджыблагъэ Налшык щрагъэкIуэкIа «Лъагап1эщ1э» зэпеуэм пашэщ1ихъуа Чэтбий Мадинэ.

● Зэвгъэц1ыху

НАЛШЫК къалэм и курыт еджап1э №2 2002 гъэм ехъулI эныгъэкIэ кIуахащ Мадинэ икIи а илъэс дыдэм КъБКъУ-м юрист I эщ1агъэ щрагъэгъуэт и факультетым щ1эт1ыхьащ. 2007 гъэм еджап1э нэхъыщхьэр диплом пльыжькIэ кIуахащ Чэтбийм икIи «Налшык» бизнес-клубым юриконсульту лэжьэн щыщ1идзащ. Абы илъэситхукIэ щыIащ Мадинэ икIи и щ1эныгъэр, зэфIэкIыр къалъэтэри, унафэщ1 къулыкъыри дзыхь къыхуащ1ащ.

2014 гъэм къыщыщ1эдзауэ КъБР-м и I этащхьэм и Администрацэм Хъэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм и чэнджэщэгъу эхъыщхьэщ Чэтбий Мадинэ. Абы и лэжьыгъэр зытеухуар хъэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, хабзэр къыз1эпемыгъэдыным теухуа чэнджэщхэр етыныщ, езыхэм къехьэлIа мардэ-правовой актхэм я положенэхэр ягуригъэIуэнырщ. Апхуэдэу хъэрычэтыщ1эхэм я проектхэр къепщытэ, егъэджэныгъэ семинархэр къахуэзрегъэпэщ, къэрал властым и органхэмрэ щ1ыпIэ самоуправленэм щ1ыщхэмрэ I уэхум къыхишэу. Къыщынэмыщ1ауэ, Мадинэ жыджэру хэтщ щ1ынальэм и хъэрычэтыщ1эхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ хабзэр къыз1эпемыгъэдыныбмрэ зи I уэхур хуэунэтIа органхэм, республикэм и прокуратурэм я жылагъуэ-чэнджэщакIуэ советхэм я лэжьыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ыщу щ1эныгъэм, спортым, гъуазджэм, хъэрычэт I уэхум къыхэжаныкIа щ1алэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэмрэ унафэщ1хэмрэ папщIэ 2009 гъэм Москва къыщыз1эрагъэпэща «Прорыв» зэхьихьэм ди республикэм и лIыкI уэу хэта цIыху 35-м ящыщщ Мадинэ. А зэхуэсым зыкъригъэхьэлIат а зэманым УФ-м и Президенту щыта Медведев Дмитрий. Апхуэдэу, нэгъабэ КъБР-м щрагъэкIуэкIа, «Лъагап1эщ1э» зэпеуэм и щ1ыналъэ I ыIхьэми Чэтбий Мадинэ пашэ щ1ыхъуащ икIи КъБР-м и I этащхьэм и унафэкIэ ар хагъэхьащ республикэм и унафэщ1 къулыкъухэм бгъэув хъуну къалъэтатэм.

- «Лъагап1эщ1э» зэхьэзэхуэм сыщ1ыхьыха щхьэусыгъуэхэм ящыщщ си зэфIэкIхэр хэсп1щытэжыну сыхущ1экъуныр. Си ехъулIэныгъэхэр зыхуэдэр зэз-гъэщ1энымкIэ ар I эмалыфIт икIи, пэжыр жыпIэмэ, зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм ахэр къыз1эралъытэнур сфIэгъэщ1эгъуэнт, - жеIэ хъыджэбэ ахъылыфIэм. - Къыхэсха унэтIыныгъэм фIы дыдэу хэсщ1ыкI сыхуными, ди щ1ынальэм хъэрычэт I уэхум зыщ1эгъуэжьыным сытолажьэ. Республикэр езгъэфIэкIуэным си къарумрэ зэфIэкIымрэ дяпэкIи есхьэлIэну си мурадщ.

Къулыкъущ1эм хьэл-щэн дахэхэр хэлъын, и пщ1ырыпхэм, къыхуащ1а дзыхьым жэуаплныгъэ иIэу бгъэдыхьэн, къэралымрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ зыхуащ1экъуэхэр зэгурыIуэ яку дэлъу зэфIэхын, а псом къадэкIуэу, и I эщ1агъэм фIыуэ хищ1ыкIын, и щ1эныгъэм зэпымыууэ хигъэхъуэн хуейуэ къелъытэ Чэтбийм. И ехъулIэныгъэхэр зи фIыгъэу Мадинэ къыльытэр яп1э ита нэхъыжьхэм лэжьыгъэр фIыуэ зэрыригъэлъэгъуарщ, и мурадхэр зригъэхъулIэным зэрыхухягъэсарщ, цIыхухэм пщIэ яхуищIу, хуэныкъуэм дэIэпыкъуу къызэрагъэхуарщ. Абы кIэ щапхъэт Хэку зауэшхуэм тIасхъэщ1эхыу хэта, ТекIуэныгъэ Иным Прагэ щ1ыущIа и адэшхуэ Чэтбий Жэмал. Апхуэдэу пхъурылъхур куэдым хурагъэджащ егъэджакIуэу щыта и адэшхуэ анэшхуэхэу Нэхущхэ Лиуанрэ Валентинэрэ.

- Си анэшхуэр цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличникт, лжьыгъэм и ветеран, ЕгъэджакIуэхэМ я союзэпсо съездым и лIыкIуэт. Абы къыхилъхьэри, яп1э космонавт Гагарин Юрий егъэджакIуэхэм кIэлыщIауэ щыIат. Си адэшхуэ-анэшхуэхэм я псалъэхэмрэ I уэхущIафэхэмрэ си гъуаз1эщ, - жеIэ Мадинэ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, къэралыр ефIэкIуэныр зымыгъэкIуатэ I уэхугъуэхэр ди мащ1экъым. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, и I уэху з1ымыбзхэм ящыщу Чэтбийм къельытэ лэжьапIэншэхэр ди деж зэрыщыкуэдыр, лэжьапщIэр зэрыщымащIэр, хьэпшыпхэмрэ I уэхутхъэбзэхэмрэ я уасэхэр щыхъэхъэкIэ, псэукIэм и фIагъыр зэрехуэхыр. Арац лэжьэну нэгъуэщI щыпIэхэм щ1алэгъуалэ куэд щ1эпэхъуэм, языныкъуэхэм я ныщ1амыгъэзэжьым и щхьэусыгъуэр. Щ1ынальэм иц цIыху бжыгъэр мащIэ зэрыхъур зэран хуохъу демографиеми. Абы и I уэхухкIэ Мадинэ хэкIыпIэу къигъэлъагъуэр республикэм и хъэрычэтыщ1эхэм ядэIэпыкъунырщ, туризмэм, цIыхухэм я узынщагъэр хъумэным щ1ыпIэм зыщегъэужьыным гулъытэ нэхъыбэ хуэщ1ынырщ. Ахэр икIэщ1ыпIэкIэ щ1ыналъэм зригъэхъулIэфмэ, быдэу и фIэщ мэхъу I энатIэ I уткэм я бжьгъэм пIалъэ I эщ1ым кьриубыдэу хухэгъэхъуну.

- Республикэм хьэрычэт мащ1эмрэ курытымрэ зыщегъэужьырыр I уэху нэхъ гугъуэхэм ящыщу къонэж. Хъэрычэтыщ1эхэм я бжьгъэм хэхъуэныр куэдым къелъахъэ. Апхуэдэщ налогыр зэрыльагэр, кредитым процент куэд зэрыщхьэщ1атыкIыр, - кIеГъэлъагъуэ Мадинэ. - Республикэм езым къыщ1игъэкI продукцэхэм зэрызримыгъэужьри щ1ынальэм и I уэху з1ымыбзхэм ящыщщ. Абыкiэ I эмалыфIщ инвестицэхэр къешэлIэныр, технологиещ1эхэр къэгъэсэбэпыныр, налогыр гъэмэщ1эныр, къэрал дэIэпыкъунырщ.

И лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Мадинэ и гъащIэм уэвыпIэфI щ1ыIыгъ ар пасэу дэ1ыхьэха спортым. Чэтбийр УФ-м волейболымкIэ спортым и мастеру. «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмрэ сахуэхьэзырщ» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым къиГъэувахэр къэгъэсэбэпыныр, налогыр гъэмэщ1эныр, къэрал дэIэпыкъунырщ.

Республикэм, къэралым я къэкIуэнур зэлъыта, къызыхэкIам хуэфащэ щ1алэгъуалэ жыджэрхэм ящыщ Чэтбий Мадинэ адэкIи зиуз1эщIыну, и Iущагъри зэфIэкIри щ1ынальэм хуиГъэлэжьэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъатхэм псори техьакъым

● Футбол

Нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 11-м зэпагъэуа, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм щ1бэт кIуам щ1идзэжащ. Абы лъандэрэ блэкIа мазиплым щ1игъум зэхъуэкIыныгъэ инхэр командэхэм къыщ1ыхъуащ икIи ахэр зэхуэмыдэу гъатхэм техьащ.

ПСОМ ящ1ыхэращи, етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щ1ыджэгу командэхэм зы яхэщ1ащ. Понедельник Виктор и цIэр зэрихьэу Дон Iус Ростов къалэм дэт футбол академиер зэхьэзэхуэм хэлъыжащ, абы зэрыхэтыт мылъку адэкIэ зэримыIэм къыхэкIыу. Иджы къэнэжа джэгугъуэхэм 0:3-уэ щ1ыхагъэщ1ауэ «Академия»-м хуатхынущ. А I уэхум нэхъ хилъэфар «Спартак-Налшыкырщ». Нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 11-м ди командэр иужь дыдэу абы I ущ1ащ икIи ди къалащхьэм къыщ1ытекIуащ. Адрейхэм ростов-дэсхэм ящдэжэгуну къапщ1ылъу арат. Дауи, очко щ1ырыщ1ыр абыхэм я I эрыл1хьэщ. Яп1э апхуэдэ тыгъэ зы1эрыхьар ДыщэкI Хьэзрэт зи технер нэхъыщхьэ Новороссийск и «Черноморец»-ращ. Гъатхэпэм и 16-м Дон Iус Ростов нэс мыкI уэу абы текIуэныгъэр 3:0-у I эрыхьащ икIи ещанэ увыпIэм нэс дэкIуэтеящ.

Яп1э дивизионым кIуэну I эмал къезытыну пашэныгъэм ерыщу зэрыщ1эбэныныр къигъэлъэгъуащ Краснодар и «Урожай»-м. Абы щ1эбэт кIуам къригъэблагъа Дон Iус Ростов и СКА-р хуабжьу къеныкъуэкъуащ. Арщхьэкlэ Къалмыкъ Амур аргуэру хэгъэрейхэр къыдихьыжащ икIи етIощIанэ дакъикъэм дигъэкIа топ заКъуэм и фIыгъэкIэ текIуэныгъэр краснодардэсхэм зы1эрагъэхьащ. Ди лъахэгъу щ1алэращ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым гъащхьэкъуэхэм я зэпеуэм бжьыпIэр щызы1ыгъыр. Ар мы зэхьэзэхуэм пщыкIуэрэ къыщыхэжаныкIащ.

СКА-р зэрыхигъэщ1ам и фIыгъэкIэ адыгэ щ1алэ зыбжанэ зыхэт «Урожай»-р зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызы1ыгъ «Чайка»-м ящ1ыхьэжыпащ. Краснодардэсхэм зы з1ыщIэкIэ нэхъ мащIэ зэрырагъэкIуэкIар къэпльытэмэ, абыхэм я I уэхуэр, уеблэмэ, нэхъыфIщ. Песчанокопскэдэсхэм я стадионым щ1ахуэхгъэщ1ащ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р икIи абы и зэранкIэ очкоитI яфIэкIуэдащ. Ахэр иужькIэ яхуримыкъужькIи хъунущ.

Иужь дыдэ увыпIэм щытынымкIэ зигъэнщ1а хуэдэщ «Динамо-Ставрополь»-м. Ар Мейкъуапэ и «Дружба»-м текIуэри, кьыдэкIуэтеящ. Адэкlэ кIэух увыпIэр «Академия»-м зэримыуТIыпщынур нэрылъагъущ.

Иджы фыщ1ыдгъэгъуэзэнщ мы гъэм яп1э етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щ1ызэхэта джэгуГъуэм кърикIуа бжьгъэхэм. Мис ахэр: **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Чайка»** (Песчанокопское) - **1:1**, **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **2:0**, **«Академия»** (Дон Iус Ростов) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **0:3**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:1**, **«Урожай»** (Краснодар) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **1:0**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **1:0**.

«Краснодар-3» (Краснодар) - «Волгарь» (Астрахань) зэIущIэр ягъэIэнхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр гъатхэпэм и 23-м зэхэтынущ. А махуэм зэхьэзэхуэм къыхихьэж «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщ1игъэблагъэнущ «Краснодар-3» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщ1ыкIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	Щ.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	17	12	5	0	38-11	41
2. «Урожай»	16	12	4	0	25-9	40
3. «Черноморец»	17	10	3	4	38-13	33
4. «Волгарь»	15	10	3	2	27-14	33
5. «Легион Динамо»	17	7	6	4	21-15	27
6. «Дружба»	17	9	0	8	17-20	27
7. «Биолог-Новокубанск»	17	7	3	7	19-18	24
8. «Спартак-Налшык»	16	6	4	6	24-24	22
9. «Мэшыкъуэ-КМВ»	17	4	6	7	18-23	18
10. СКА	17	3	7	7	10-17	16
11. «Спартак-Владикавказ»	16	4	3	9	19-26	15
12. «Краснодар-3»	16	3	4	9	19-33	13
13. «Динамо-Ставрополь»	17	3	3	11	17-37	11
14. «Ангушт»	16	1	8	7	7-17	11
15. «Академия»	17	2	3	12	11-33	9

● Транспорт прокуратурэ

Илъэсищ тралъхьэ

КъБР-м и Налшык къалэ судым лэжьапIэншэ налшыкдэс Бжьк1ший Хьэсэнбий къуаншэу къ1ытащ, УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ I ыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щ1эпхъаджагъэр (игъэкIым мурад имыIэу наркотикхэкIхэр куэду зы1эрыгъэхьэн икIи хъумэн) зэрилэжьам къыхэкIыу.

АР диIыгъащ Налшык транспорт прокуратурэм и лIыкIуэм.

Судым зэриубзыхуамкIэ, 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м, нэхъапэм апхуэдэ щ1эпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыу суд зытращ1ыхьауэ щыта Бжьк1ший мэзаитIэ щ1ыпIэм езыр-езыру къэкI щ1апым и щхьэкIэхэмрэ тхьэмпэхэмрэ къыщ1ыпичащ. «Минеральные Воды - Налшык» мафIэгум ису унэм хъэздэкIуэжьым и тхылъхэр къ1эпщ1ытахэм абы и зы1ыгъыкIэм щэч хурагъэщ1ащ икIи Урысей МВД-м и Налшык линейнэ къудамэм и пльыр частым яшащ. Ар къыщащ1ым къытрахащ ма-рихуанэ грамм 382-рэ зэрылъ пакет.

Судым I уэхур зэпилъытри, Бжьк1ший илъэсищ трилъхащ, тезырыр тKIийуэ щапшынык колонием щрихьэкIыну.

Налшык транспорт прокурор, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыжь Жэмыхъуэ Руслан къызэрыджиIамкIэ, унафэм зэкIэ къару игъэтакъым.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Щ1эблэ узыншэ къащ1охъуэ

Иджыблагъэ Иркутск щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 21-м нэмысахэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы къигъэлъэгъуащ ди лъахэгъу Олимп чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Аслъэнбэчрэ, дуней псом щэнейрэ щ1ытекIуа Махуэ Билал сымэ я щапхъэм ирикIуэ щ1эблэ узыншэ республикэм зэриIэр.

ИРКУТСК щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къызэхуишэсат алыдж-урым бэнэкIэмкIэ къралым щынэхъыфIхэр, зи ныбжьыр илъэс 21-м нэмысахэр. Я хьэлъэгъ елъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм ящыщу тхур абы и финалхэм щыбгъащ.

Ди республикэм и бэнакIуэхэм псом хуэмыдэу тепщэныгъэр щ1ыIыгъащ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я зэпеуэм. Я хьэрхуэрэгъу псоми ефIэкIри, килограмми 130-м нэс зи хьэлъагъхэм я кIэух з1ыщIэм щызэпэщ1эуват Щад Уэсмэнрэ Щхьэщ1мыщI Рэмэзанрэ. А тIум я къарукIи зэфIэкIкIи зэрагъэкIуэ щ1ытэкъымэ, ерыщу зэныкъуэкъуащ. ИкIэм-икIэжьым, Щадыр текIуащ икIи дыщэ медалыр зы1эригъэхьащ. Щхьэщэмыщ1ым дыжьыныр л1ыысащ. А гупым ещанэ увыпIэр щызы1ыбыдари ди лъахэгъущ. Ар КIэмпIарэ Муратщ. Щэч хэлъхъэм а щ1алэхэр мыгувэу балигъхэм я дежи лъэ быдэкIэ зэрыщ1ыувынум.

Килограмм 82-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм и финалми щызэхуэзар Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэращ. Псэун Станиславрэ Гъуэныбэ I эуесэрэ я зэпэщ1эныныгъэм сыт хуэдэ зэхьэзэхуэри игъэхэфынут. Апхуэдэу щыт пэтми, тIум яхыр текIуэн хуейт. Зэкlэ зи насып нэхъ къикIар Псэунращ. Гъуэныбэм дыжьын медалыр I эрыхьащ.

Гъэужьей Iэдэми Иркутск щекIуэкIа зэхьэзэхуэм текIуэныгъэр къыщ1ихьащ. Килограмм 63-м нэс зи хьэлъагъхэм я кIэух з1ыщIэм абы щыхигъэщ1ащ Шэшэным икIа Амаев Абу-Мусл1ым.

Зэкlэ жэз медалымкIэ арэзы хъуащ Къэрэгъул Анзор. Ар щ1ыбэна килограмм 60-м нэхъапэкIэ я зэпеуэм здынэсыфар «финал цIыкIуращ» икIи, абы щытекIуэри, ещанэ увыпIэр иубыдащ.

ХЬЭТАУИслъам.

Мэрем Дамиррэ Блий I эюбрэ я зэпэщ1этыныгъэ

Екатеринбург къалэм и «Екатеринбург-ЭКСПО» дунейпсо гъэлъэгъуапIэ центрым мы махуэхэм щызэхэтащ Урысейм дзюдомкIэ и зэхьэзэхуэ. Абы щыбэнащ ди къэралым и щ1ынальэ 60-м къикIа, зи ныбжьыр илъэс 23-рэ иримыкъуа щ1алэ, хъыджэбз цIыкIу 500-м нэблагъэ.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 60-м нэблагъэхэм я гупым текIуэныгъитху къыщихьри, Блий I эюб финалым нэсащ. КIэух з1ыщIэм ар щебэнащ Адыгейм и лIыкIуэ Мэрем Дамир. Ди къуэш республикэм къикIа спортсменым з1ыщIэм и 10-нэ дакъикъэм и кIэухым къызэригъэпэщаебгъэныкIуэныгъэм дыщэ медалыр къыхуихьащ. Блий I эюб етIуанэ хуэущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● БэнэкIэ хуит

Гувэжыкъуэ I эмырхъан и дыжьын медаль

Сербием и Нови-Сад къалэм щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 23-м нэмысахэм бэнэкIэ хуитымкIэ я европэпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Гувэжыкъуэ I эмырхъан.

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 57-м нэблагъэхэм я гупым и хьэрхуэрэгъуэхэм шэч къызытумыхьэн текIуэныгъэхэр къащыфIихьуэрэ Гувэжыкъуэр финалым нэсащ. КIэух з1ыщIэм абы къыщыпIэщIэтащ 2017 гъэм дунейпсо зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIа, Украинэм щыщ Яценкэ Андрей. Ди лъэпкъгъуэм зымащIэ хурикIуакъым текIуэныгъэр къыхьыным икIи дыжьын медалыр къыл1ысащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэр КъБР-м и Парламентым и Аппаратым жылагъуэ зэпыщ1эныгъэхэмрэ цIыхубэ зэхьыбарегъащIэ I уэхущIапIэхэм ядэлэжьэныкIэ и управленэм и эксперт **Елканов Артур Иса и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Елкановэ Мидэ Срафил и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэк1эмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и яп1э къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къанщокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэ-щ1эныджэ Замирэ, Тэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым -42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ I уэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ I уэхущIапIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I энатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщ1эта I уэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я I уэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр I э тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщ1 дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ1эныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ I уэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щ1ытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэк1эмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящ1ащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер I энатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым I э тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.249● Заказ №240